

Vèni ki gen Fliyò: Késyon Moun Poze Souvan

Kisa vèni ki gen fliyò ye?

Vèni ki gen fliyò se yon kouch pwoteksyon yo mete sou dan yo pou ede evite twou nan dan.

Pou kisa yo rekòmande vèni ki gen fliyò?

Twou nan dan kapab lakòz doulè ak enfeksyon, ki kapab lakòz pwoblèm pou manje, pou pale, pou jwe ak pou aprann. Vèni ki gen fliyò fè dan yo pi solid, li anpeche twou nan dan yo vin grav epi ede evite nouvo twou fòme nan dan yo.

Èske vèni ki gen fliyò san danje?

Wi. Vèni ki gen fliyò bon pou moun tout laj. Yo kapab menm itilize li sou tibebe lè premye dan yo parèt. Si ou gen késyon oswa enkyetid sou itilizasyon vèni ki gen fliyò, pale avèk doktè ou oswa dantis ou. Timoun yo dwe wè yon dantis apati laj 1 ane.


Kijan yo pase vèni ki gen fliyò?

Yon dantis, yon ijyenis dantè, yon doktè oswa yon enfimyè ki gen fòmasyon pentire vèni ki gen fliyò sou dan yo avèk yon bwòs. Se yon pwosesis ki rapid ak fasil, epi pa gen doulè ni move gou. Vèni an kole sou dan yo epi li ka fè dan yo parèt gen koulè jòn oswa fè yo klere mwens pou yon ti tan. Chanjman sa yo nòmal epi yo pral disparèt lè yo bwose dan yo nan pwochen jou a.

Konbyen tan vèni ki gen fliyò a ap dire?

Vèni ki gen fliyò kontinye pwoteje dan yo pandan plizyè mwa. Li travay pi byen si yo mete li ankò chak twa a sis mwa.

Yon timoun y ap pase vèni ki gen fliyò sou dan li



Èske mwen kapab manje, bwè oswa bwose dan mwen nòmalman apre yo fin mete vèni ki gen fliyò?

Rete tann jouk nan pwochen jou a pou bwose dan yo. Evite manje cho, manje ki di oswa manje kolan, oswa bwason cho pou rès jounen an. Manje ki di oswa manje pou moulen ka dekale vèni an.

Èske asirans garanti vèni ki gen fliyò?

Pifò konpayi asirans dan yo, tankou Medicaid ak Child Health Plus, garanti aplikasyon vèni ki gen fliyò. Rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou enskri pou asirans sante publik oswa pou jwenn yon founisè swen dan toupre w ki pa koute chè.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sante bouch ale nan nyc.gov epi chèche “teeth” (dan).